Ngajen Sikep

Pek ku hidep pilih, lamun kagiatanana alus pilih "Bener", lamun goreng pilih "Salah"!

1. Urang kedah micinta ka lemah cai sorangan
2. Lemah cai mah teu dipikacinta ku urang oge teu nanaon
3. Diajar nu tekun, nurut kana parentah guru jeung kolot di imah, kaasup kana micinta lemah cai
4. Ngajalankeun ibadah kalawan hate nu ihlas tur miharep rido Alloh SWT, eta ogesami sareng micinta lemah cai
5. Abdi kantos janten juara dina Pasanggiri Kawih Sunda sa-Kota Bogor
6. Saur Bapa, urang Sunda kedah resep kana seni Sunda
7. Si Bohim mah teu resepeun kana lagu-lagu Sunda teh!
8. Sadidinten abdi sok masang lagu-lagu Sunda
9. Males upami tos ngupingkeun kawih Sunda teh!
10. Abdi mah nganggap lagu-lagu Sunda teh kampungan

Latihan Ulangan Pangajaran 5 : Reueus Jadi Urang Indonesia

Pilih jawaban nu benerna!

1. Puisi anu diajangkeun pikeun dikawihkeun, disebutna …

   A. rumpaka kawih C. rumpaka tembang

   B. rumpaka lagu D. rumpaka sisindiran

2. Ceuk lagu "Tanah Sunda", nuduhkeun kaayaan Indonesia anu …

   A. endah C. sangsara

   B. subur ma'mur D. balangsak

3. Anu henteu kaasup kana mangpaat kakayon, nyaeta …

   A. sumber kahirupan C. ngajaga caah (banjir)

   B. gajaga urug/longsor D. ngagarap tanah

4. Di Tanah Sunda nu ngumbara teh ngarasa …

   A. teu betah C. suka betah

   B. hoream D. nalangsa

5. Babasan "hejo lembok" hartina …

   A. loba tatangkalan C. tatangkalan keur bubuah

   B. subur tur loba rejeki D. lega kebon jeung sawah

6. "Masyarakat dina kaayaan beunghar tur hirup senang".

   Babasan anu keuna keur eta kalimah, nyaeta …

   A. repeh rapih C. malarat rosa

   B. kokoro nyoso D. sugih mukti

LIVEWORKSHEETS

7. Ieu di handap anu henteu kaasup kana istilah geografi, nyaeta …

A. pasir
B. lamping
C. langit
D. leuwi

8. Bagian gunung atawa pasir antara puncak jeung tutugan, disebutna …

A. lamping
B. babantar
C. leuwi
D. muara

9. Ieu dihandap anu henteu kaasup kana kalimah kaayaan, nyaeta …

A. Tatangkalan hejo ngemploh
B. Pare di sawah sumedeng beukah
C. Gedang teh keur gumading
D. Kang Jaka keur ngala buah

10. Kawih nu judulna "Tanah Sunda" di karang ku …

A. Mang Bakang
B. Nano S
C. Mang Koko
D. Gugum Gumbira

LIVEWORKSHEETS